

Kous Obstak 3

Kat la

Jwè 1-6



Laj 4+



15-20 min

OBJEKTIF


Desine yon kat kous obstak ou a.

MATERYÈL

Materyèl atistik



Kat mo espasyal yo



VOKABILÈ

Kat

Kous

Chemen

KESYON

Kijan ou te fè konnen ki kote sou papyè w la pou trase sa?


Èske ou ka dekri kat ou a?

KÒMAN POU JWE



1. Asire w ke pakou **Kous Obstak Pati 1** an toujou pare.

Nòt: Si ou pa t kapab fè yon gwo kous obstak, ou ka toujou fè aktivite katografi a! Jis kreye yon mini kous obstak atè a oswa sou tab la avèk ti estati, blòk, kiyè, oswa lòt ti objè.

2. Fè timoun yo gade tout kous obstak la a yon distans 1-2 pye. Di, "Ou fini kous obstak la! Kounye a, èske ou ka desine yon kat kous obstak la sou papyè? Yon fwa ou fin desine kat ou a, nou pral sèvi avè l pou ede nou fè pakou kous la yon dènye fwa."



3. Timoun yo ka itilize kat espasyal yo pou dekri pakou yo nan kous la. Sijere yo trase liy oswa flèch sou papye yo pou montre chemen yo a.



4. Finalman, fè timoun yo sèvi ak kat yo pou yo mache nan kous obstak la. Nan chak etap, ankouraje timoun yo pou yo sèvi ak langaj espasyal pou dekri etap la (pa egzanp, “**Kounye a ou nan chèz la. Ki kote kat ou a di pou ou pase?**”).

KONSÈY POU JWE

- Desine yon kat mande anpil pratik ak eksperyans. Kite timoun yo fè eksperyans sa a san yo pa ede yo twòp. Oframezi timoun yo ap fè plis eksperyans, ou ka pale avèk yo sou fè yon plan pou kat yo a anvan yo kòmanse desine.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Kreye kat se yon konpetans enpòtan pou timoun preskolè yo pratike! Ede timoun yo aprann kisa kat ye lè w montre yo kat yo nan arè bis, nan magazen ak nan pak yo. Pandan w ap mache, ede timoun yo wè kijan objè ak repè ki devan yo koresponn ak pwèn sou yon kat.

- Lè timoun yo kreye pwòp kat yo, y ap reprezante mond 3D yo a nan yon imaj 2D. Sa ede yo devlope konpetans rezonman espasyal. Ankouraje yo pou yo kontinye pratike!

SIJÈ MATEMATIK

Relasyon Espasyal

Mezi

VIDEYO



Gade Jwèt Videyo

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Kous Obstak Pati 3*.